

**DEMANN VOLONTÈ POU OSPITALIZASYON**  
Admisyon dapre lalwa sou l'lyèn Mantal §§9.09, 9.13, ak 9.23)

*Ou ka jwenn admisyon nan yon lopital pou tretman pou maladi mantal, pou tèt ou oswa pou yon moun ki poko gen 16 an, lè w ranpli ak siyen fòm sa a. Admisyon an ap fèt sou baz volontè. Tanpri, li avèk atansyon enfòmasyon ki anba a anvan ou ranpli fòm sa a.*

*Lwa Eta ak Federal entèdi Diskriminasyon ki baze sou ras, etnisite, kwayans, orijin nasyonal, laj, sèks, preferans seksyèl oswa enfimite.*

## I. KONDISYON POU ADMISYON VOLONTÈ

### A. APLIKASYON

Pou yon moun ki gen plis pase 18 an oswa ki poko gen 18 an epi ki ka founi konsantman li dapre seksyon 33.21 Lwa sou l'lyèn Mantal la, pou yo admèt li nan yon lopital sante mantal sou yon baz volontè, li dwe fè yon aplikasyon alekri volontèman pou jwenn admisyon. Si moun nan gen mwens pase 16 an, youn nan moun sa yo dwe fè yon aplikasyon alekri pou li pou admisyon:

- paran, gadyen legal, oswa fanmi ki pi pre a;
- yon ofisyèl Sèvis Sosyal oswa yon ajans otorize ki gen gad legal sou moun lan dapre Lwa sou Sèvis Sosyal la, dapre kondisyon nenpòt òdonans tribinal oswa nenpòt enstriman egzekite dapre Seksyon 384-a nan Lwa sou Sèvis Sosyal la;
- Komisè Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi Eta Nouyòk (OCFS) la k ap aji an akò avèk Seksyon 509 nan Lwa Egzekitif la;
- yon moun oswa yon reprezantan otorize nan yon antite ki gen gad legal sou moun nan dapre Seksyon 756 oswa Seksyon 1055 nan Lwa sou Tribinal pou Fanmi.

Si moun lan gen plis pase 16 an ak mwens ke 18 an, direktè lopital la ka dapre diskresyon li admèt moun lan swa kòm yon pasyan volontè avèk aplikasyon li an oswa avèk aplikasyon nenpòt moun ki otorize fè aplikasyon pou admisyon pou yon pasyan ki poko gen 16 an.

### B. ADMISYON KI KONVNAV

Direktè lopital la dwe detèmine ke moun nan gen yon maladi mantal ke swen ak tretman nan yon lopital sante mantal konvnav pou li epi tou ke moun sa a kalifye pou admisyon volontè, jan sa dekri anba a nan atik C an.

### C. KALIFIKASYON POU ADMISYON

Pou yon moun kalifye pou admisyon volontè nan yon lopital sante mantal, yo dwe avèti li, epi li dwe gen kapasite konprann sa ki annapre yo:

- ke li ap fè yon aplikasyon pou admisyon;
- ke lopital kote li ap mande admisyon se yon lopital poumoun ki gen maladi mantal; e
- nati estati pasyan volontè ak dispozisyon ki gouvène egzeyat oswa konvèsyon a yon estati pasyan envolontè.

### D. KONVÈSYON

Pou yon pasyan envolontè konvèti a yon estati pasyan volontè, kondisyon ki anwo yo konsènan aplikasyon ekri ak kalifikasyon pou admisyon yo aplikab tou.

### E. SIYATI ELEKTWONIK

Ou ka ranpli epi siyen Fòm OMH 472, 472-SR1, ak 472-SR2 yo elektwonikman, dapre Lwa sou Siyati ak Dosye Elektwonik yo, menm atravè dosye sante elektwonik yon founisè swen sante. Founisè yo dwe asire ke fòm yo ka enprime ak/oswa delivre nan fòm a apwouve a bay pasyan an, gadyen legal pasyan an, lopital ki admèt pasyan an, ak Sèvis Legal l'lyèn Mantal la.

## II. DISPOZISYON JENERAL SOU ESTATI PASYAN VOLONTÈ

Pasyan ki sou estati pasyan volontè yo dwe resewva yon avi alekri sou estati yo ak dwa yo nan moman admisyon oswa konvèsyon an yon estati pasyan volontè, epi tou chak 120 jou apre sa. Nan moman chak notifikasyon peryodik sa yo, pasyan an dwe bay konsantman li alekri ke li dakò rete kòm pasyan volontè epi yo dwe voye yon kopi konsantman sa a bay Sèvis Legal l'lyèn Mantal la. Okenn pasyan ki sou estati pasyan volontè dwe rete nan estati sa a pou plis pase douz mwa sòf si kalifikasyon li ak volontè yo pou yo rete yon pasyan volontè te revize nan Sèvis Legal l'lyèn Mantal la. Nenpòt ki lè pandan ou sou estati pasyan volontè, pasyan an oswa nenpòt moun ki aji sou non pasyan an ka mande enfòmasyon oswa asistans nan men Sèvis Legal l'lyèn Mantal la. Lòt enfòmasyon sou Sèvis la parèt nan pwochen paj fòm sa a.

### III. DISPOZISYON POU EGZEYAT PASYAN KI SOU ESTATI PASYAN ENVOLONTÈ AK KONVÈSYON AN ESTATI PASYAN ENVOLONTÈ

Pasyan sou estati pasyan volontè ka: 1) kontinye rete sa a; 2) egzeyate sou kondisyon; 3) egzeyate; oswa 4) konvèti a estati pasyan envolontè.

Yon pasyan sou estati pasyan volontè sou pwòp aplikasyon li ki vle kite lopital la dwe bay yon avi alekri bay direktè a lopital la. Lè yo resevwa yon avi konsa, direktè a dwe swa egzeyate pasyan an san pèdi tan, oswa si gen rezon rezonab pou kwè ke pasyan an satisfè kritè pou ospitalizasyon envolontè, kenbe pasyan an pou 72 èdtan. Anvan ekspirasyon peryòd 72 èdtan an, direktè a dwe swa egzeyate pasyan an oswa aplike nan tribinal pou yon òdonans ki otorize kenbe pasyan an nan ospitalizasyon envolontè. Y ap avize pasyan an sou dwa li pou yo tande li.

Si tribinal la detèmine ke pasyan an gen maladi mantal e li bezwen ospitalizasyon envolontè, tribinal la ap bay yon òdonans ki otorize kenbe pasyan an nan lopital pou pa plis pase swasant jou apati dat òdonans la. Yo ka fè aplikasyon nan tribinal pou kenbe pasyan an nan lopital nan lavni pou yon peryòd sis mwa epi apre pou yon ane epi apre pou peryòd de (2) ane youn apre lòt apre sa, si kondisyon pasyan an mande plis opitalizasyon envolontè.

Nan ka yon pasyan minè ki gen sèz an oswa plis, avi ki mande pou egzeyate pasyan an ka fèt pa pasyan an, pa moun ki te fè aplikasyon pou admisyon li, pa yon moun ki gen menm relasyon oswa pi pre, oswa pa Sèvis Legal Ijyèn Mantal la. Si se yon lòt moun ki bay avi sa a, direktè a kapab dapre diskresyon li refize egzeyate pasyan an epi nan ka yon refi konsa, yon lòt moun oswa Sèvis Legal Ijyèn Mantal la ka aplike nan tribinal pou fè egzeyate pasyan an.

Nan ka yon minè ki poko gen laj sèz ki bay avi ki mande lage, direktè a ka nan diskresyon li oswa li refize egzeyat pasyan an ak nan evènman an nan refi sa a, moun ki te fè aplikasyon pou admisyon pasyan an minè a, yon moun ki gen menm relasyon oswa pi pre, oswa Sèvis Legal Ijyèn Mantal ka aplike nan tribinal la pou lage nan pasyan an.

### IV. NOTIFIKASYON POU SÈVIS LEGAL IJYÈN MANTAL KONSÈNAN ADMISYON, KONVÈSYON YON ESTATI LEGAL POU YON Lòt, AK TRANSFÈ OUBYEN EKZEYAT PASYAN KI GEN MWENS KE 18 AN.

Lè yon moun ki poko gen laj 18 an admèt nan nenpòt ki lopital oswa konvèti de yon estati admisyon a yon lòt, Sèvis Legal Ijyèn Mantal dwe avize sou admisyon an oswa konvèsyon nan yon delè twa jou. Avi a pral presize laj moun nan ak estati admisyon an.

Okenn pasyan volontè ki poko gen laj 18 an ki jwenn admisyon avèk pwòp aplikasyon li dwe transfere san li pa bay konsantman li anvan, sof si yo voye yon avi alekri sou transfè yo pwopoze a bay Sèvis Legal Ijyèn Mantal la omwen twa jou anvan epi Sèvis la gen opòtinite pou yo wè pasyan an epi egzamine transfè yo pwopoze a.

Okenn pasyan volontè ki gen mwens ke 18 an yo te entène avèk aplikasyon yon lòt moun te fè pou li dwe transfere san pasyan an ak paran li oswa gadyen legal li pa bay konsantman yo anvan, sof si yo voye yon avi alekri sou transfè yo pwopoze a bay Sèvis Legal Ijyèn Mantal la omwen twa jou anvan epi Sèvis la gen opòtinite pou yo wè pasyan an epi egzamine transfè yo pwopoze a.

Sèvis Legal Ijyèn Mantal la ap resevwa yon avi imedyata alekri konsènan egzeyat an oswa transfè nenpòt ki pasyan ki poko gen laj 18 an.

### V. ENFÒMASYON JENERAL

#### A. SÈVIS LEGAL IJYÈN MANTAL

Sèvis Legal Ijyèn Mantal la se yon ajans Administrasyon Tribinal Eta New York ki bay sèvis, konsèy ak asistans legal pou pwoteksyon, tankou reprezantasyon pou tout pasyan ki entène nan sant psikiyatrik. Pasyan yo gen dwa pou yo enfòmè sou dwa yo konsènan ospitalizasyon ak tretman, epi yo gen dwa mande yon odyans nan tribinal, fè yon avoka reprezante yo ak chèche opinyon medikal endepandan.

Gen yon biwo Sèvis Legal Ijyèn Mantal nan anpil lopital sikyatrik. Nan lopital ki pa gen yon biwo, yon reprezantan Sèvis la vizite lopital la detanzantan ak souvan. Nenpòt pasyan oswa nenpòt moun ki aji nan non li kapab wè oswa kominike avèk yon reprezantan Sèvis la pa telefòn oswa alekri dirèkteman nan Biwo Sèvis la oswa lè yo mande yon anplwaye nan inite pasyan an fè aranjman sa yo pou li. Yo ka kontakte reprezantan Sèvis Legal Ijyèn Mantal pou lopital sa a nan:

#### B. RANBOUSMAN

Pasyan an legalman responsab pou li peye pou swen yo. Lòt moun ki responsab tou se mari oswa madanm pasyan an ak nan kèk ka paran yon pasyan ki poko genyen laj 21 an. Lòt moun ki legalman responsab tou se komite a, gadyen legal, oswa ofisye yon fon fidisyè ki etabli pou sipò pasyan an, oswa nenpòt ajan fidisyè oswa responsab fon ki pou pasyan an. Frè yo ka anile oswa redwi lè gen yon enkapasite pou peye. Nenpòt moun ki aplike pou yon egzansyon oswa rediksyon frè dwe kolabore nan yon ankèt finansye pou detèmine kapasite yo pou yo peye.

<p><b>DEMANN VOLONTÈ POU OSPITALIZASYON</b> (Lwa sou llyèn Mantal §§9.13, ak 9.23)</p> <p><i>Anvan w ranpli fòm lan, li enstriksyon ki nan paj anvan yo.</i></p>	<p>Non (Siyati Prenon, Dezyèm Prenon)</p> <p>_____</p> <p>Sèks _____ Dat Nesans _____</p> <p>MRN _____</p> <p>Lokal/Etablisman _____</p>
--	--

Fòm OMH 472

### PATI A – APLIKASYON POU ESTATI PASYAN VOLONTÈ

Pati Sa A Dwe Siyen Pa Moun Ki Fè Aplikasyon pou Estati Pasyan Volontè Oswa Konvèsyon an Estati Pasyan Volontè

Yo te enfòm mwen sou e Mwen Konprann Nati Estati Pasyan Volontè a ak Dispozisyon ki Gouvènè Egzeyat oswa Konvèsyon an Estati Pasyan Volontè.

**Admisyon**

Mwen menm, \_\_\_\_\_, mwen aplike pou admisyon nan \_\_\_\_\_, yon lopital pou moun ki gen maladi mantal.

**Konvèsyon An Estati Pasyan Volontè**

Mwen menm, \_\_\_\_\_, mwen aplike pou Konvèsyon an Estati Pasyan Volontè nan \_\_\_\_\_, yon lopital pou moun ki gen maladi mantal.

Rezon pa m ki fè mwen aplike pou admisyon oswa konvèsyon an Estati Pasyan Volontè a se:

Siyati Moun ki Aplike pou Admisyon sou baz Estati Pasyan Volontè oswa Konvèsyon an Estati Pasyan Volontè an	Dat	Lè (AM/PM)
---	-----	------------

### PATI B - KONFIMASYON DOKTÈ OSWA ENFIMYÈ PRATISYEN DE BEZWEN OSPITALIZASYON AN AK KALIFIKASYON POU ESTATI PASYAN VOLONTÈ

Mwen te egzamine pasyan ki nonmen anwo a anvan admisyon oswa konvèsyon epi mwen konfime:

- Ke pasyan an gen yon maladi mantal ke swen ak tretman nan yon lopital sante mantal konvab pou li;
- Pasyan an kalifye pou Estati Pasyan Volontè;
- Gen bon rezon pou espere ospitalizasyon sa a ka amelyore kondisyon pasyan an oswa omwen anpeche deteryorasyon pasyan an.

Siyati Doktè oswa Enfimyè Pratisyen	Dat	Lè (AM/PM)
-------------------------------------	-----	------------

<p><b>DEMANN VOLONTÈ POU OSPITALIZASYON</b> (Lwa sou Ijyèn Mantal §§9.13, ak 9.23)</p> <p><i>Anvan w ranpli fòm lan, li enstriksyon ki nan paj anvan yo.</i></p>	<p>Non (Siyati Prenon, Dezyèm Prenon)</p> <hr/> <p>Sèks _____ Dat Nesans _____</p> <p>MRN _____</p> <p>Lokal/Etablisman _____</p>
--	---

Fòm OMH 472

### PATI C – APLIKASYON POU ADMISYON VOLONTÈ POU PASYAN MINÈ

Pati Sa A Dwe Siyen Pa Moun Ki Aplike Pou Admisyon Volontè Oswa Konvèsyon an Estati Pasyan Volontè pou yon Minè.

Yo te enfòm mwen sou e Mwen Konprann Nati Estati Pasyan Volontè a ak Dispozisyon ki Gouvènè Egzeyat oswa Konvèsyon an Estati Pasyan Volontè.

**Admisyon**

Mwen aplike pou admisyon pou \_\_\_\_\_, ki gen laj \_\_\_\_\_, an nan \_\_\_\_\_, yon lopital pou moun ki gen maladi mantal.

**Konvèsyon an Estati Pasyan Volontè**

Mwen aplike pou Konvèsyon an Estati Pasyan Volontè pou \_\_\_\_\_, ki gen laj \_\_\_\_\_, an nan \_\_\_\_\_, yon lopital pou moun ki gen maladi mantal.

Rezon pa m ki fè mwen aplike pou admisyon oswa konvèsyon an Estati Pasyan Volontè a se:

Siyati Moun ki Aplike pou Admisyon sou baz Estati Pasyan Volontè oswa Konvèsyon an Estati Pasyan Volontè an	Lyen ak Pasyan an	Dat	Lè (AM/PM)
---	-------------------	-----	------------

### PATI D - KONFIMASYON DOKTÈ OSWA ENFIMYÈ PRATISYEN DE BEZWEN OSPITALIZASYON AN AK KALIFIKASYON POU ESTATI PASYAN VOLONTÈ

Mwen te egzamine pasyan ki nonmen anwo a anvan admisyon oswa konvèsyon epi mwen konfime:

- Ke pasyan an gen yon maladi mantal ke swen ak tretman nan yon lopital sante mantal konvab pou li;
- Pasyan an kalifye pou Estati Pasyan Volontè;
- Gen bon rezon pou espere ospitalizasyon sa a ka amelyore kondisyon pasyan an oswa omwen anpeche deteryorasyon pasyan an.

Siyati Doktè oswa Enfimyè Pratisyen	Dat	Lè (AM/PM)
-------------------------------------	-----	------------

<b>AVI SOU ESTATI AK DWA MOUN NAN KA ADMISYON VOLONTÈ</b> <b>(Lwa sou Ijyèn Mantal §§9.13)</b>  <i>Yo dwe bay pasyan an avi sa a nan moman yo ap etène nan lopital la</i>	Non (Siyati Prenon, Dezyèm Prenon)
	Sèks _____ Dat Nesans _____
	MRN _____
	Lokal/Etablisman _____

**NAN:** \_\_\_\_\_ Dat Admisyon \_\_\_\_\_

Apre nou resevwa aplikasyon w lan, epi nou te detèmine ke ou kalifye pou admisyon volontè, ou entène kòm yon pasyan ki gen estati volontè nan lopital sa a ki bay swen ak tretman pou moun ki gen maladi mantal.

-OSWA-

**(Pou admisyon volontè pasyan minè sèlman)** Apre nou resevwa aplikasyon ki fèt pou ou dapre Lwa sou Ijyèn Mantal la, epi nou te detèmine ke ou kalifye pou admisyon volontè, ou entène kòm yon pasyan ki gen estati volontè nan lopital sa a ki bay swen ak tretman pou moun ki gen maladi mantal.

Apati moman sa a, ou ka rete kòm yon pasyan volontè oubyen ou ka egzeyate si ou pa bezwen entène lopital ankò. Yo ka konvèti w tou an estati pasyan envolontè, men sèlman si yo sètifye ou satisfè kondisyon pou admisyon envolontè epi ou pa vle oswa ou pa kalifye ankò pou rete nan lopital la volontèman.

Pandan ou gen estati pasyan volontè, ou ka nenpòt kilè avize anplwaye lopital la alekri si ou ta renmen pou egzeyate soti lopital la. Lè direktè a resevwa notifikasyon sa a, y ap egzeyate w san pèdi tan, sof si li panse ou satisfè kondisyon pou admisyon envolontè e poutèt sa ou bezwen rete—nan ka sa a, y ap gen 72 èdtan pou mande tribinal la yon òdonans pou kenbe w nan lopital la.

Ou menm, ak nenpòt moun k ap aji nan non ou, ou ta dwe santi w lib pou poze anplwaye lopital la kesyon sou kondisyon ou, estati ou ak dwa ou anba Lwa sou Ijyèn Mantal la, ak règleman lopital sa a.

### SÈVIS LEGAL IJYÈN MANTAL

Sèvis Legal Ijyèn Mantal, yon ajans tribinal endepandan nan lopital sa a, ka bay ou ak fanmi ou sèvis legal pwoteksyon, konsèy ak asistans, tankou reprezantasyon, nan zafè ospitalizasyon ou. Ou gen dwa pou yo enfòmè w sou dwa ou genyen konsènan ospitalizasyon ak tretman, epi ou gen dwa mande yon odyans nan tribinal, fè yon avoka reprezante ou epi chèche opinyon medikal endepandan.

Ou menm, oswa yon moun ki aji nan non ou, ka wè oswa kominike avèk yon reprezantan Sèvis Legal Ijyèn Mantal lè ou telefone oswa ekri dirèkteman nan biwo Sèvis la oswa lè ou mande anplwaye lopital la pou fè aranjman pou ou.

Ou ka kontakte Reprezantan Sèvis Legal Ijyèn Mantal pou lopital sa a nan:

### MWEN TE LI, OUBYEN YO TE LI POU MWEN AVI SA A, EPI MWEN KONPRANN SA KI EKRI NAN AVI SA A.

Siyati Pasyan an	Dat	Lè (AM/PM)
(Kote sa aplikab) Siyati moun ki te siyen aplikasyon pou admisyon volontè a	Dat	Lè (AM/PM)

**YO BAY YON KOPI AVI SA A BAY PASYAN KI NONMEN ANLÈ A.** Yon kopi Avi ak Dwa sa yo pra l voye ale bay Sèvis Legal Ijyèn Mantal tou.

Siyati Anplwaye Pratisyen Sante Mantal la	Dat	Lè (AM/PM)
---	-----	------------

<b>AVI SOU ESTATI AK DWA MOUN NAN KA KONVÈSYON AN ESTATI PASYAN VOLONTÈ</b> <b>(Lwa sou Ijyèn Mantal §§9.13)</b>  <i>Yo dwe bay pasyan an avi sa a nan moman yo ap etène nan lopital la</i>	Non (Siyati Prenon, Dezyèm Prenon)
	Sèks _____ Dat Nesans _____
	MRN _____
	Lokal/Etablisman _____

**NAN:** \_\_\_\_\_ Dat Admisyon \_\_\_\_\_

Dat Konvèsyon \_\_\_\_\_

Apre nou resevwa aplikasyon w lan, epi nou te detèmine ke ou kalifye pou admisyon volontè, yo konvèti ou nan estati pasyan volontè nan lopital sa a ki bay swen ak tretman pou moun ki gen maladi mantal.

-OSWA-

**(Pou admisyon volontè pasyan minè sèlman)** Apre nou resevwa aplikasyon ki fèt pou ou dapre Lwa sou Ijyèn Mantal la, epi nou te detèmine ke ou kalifye pou admisyon volontè, yo konvèti ou nan estati pasyan volontè nan lopital sa a ki bay swen ak tretman pou moun ki gen maladi mantal.

Apati moman sa a, ou ka rete kòm yon pasyan volontè oubyen ou ka egzeyate si ou pa bezwen entènè lopital ankò. Yo ka konvèti w tou an estati pasyan envolontè, men sèlman si yo sètifye ou satisfè kondisyon pou admisyon envolontè epi ou pa vle oswa ou pa kalifye ankò pou rete nan lopital la volontèman.

Pandan ou gen estati pasyan volontè, ou ka nenpòt kilè avize anplwaye lopital la alekri si ou ta renmen pou egzeyate soti lopital la. Lè direktè a resevwa notifikasyon sa a, y ap egzeyate w san pèdi tan, sof si li panse ou satisfè kondisyon pou admisyon envolontè e poutèt sa ou bezwen rete—nan ka sa a, y ap gen 72 èdtan pou mande tribinal la yon òdonans pou kenbe w nan lopital la.

Ou menm, ak nenpòt moun k ap aji nan non ou, ou ta dwe santi w lib pou poze anplwaye lopital la kesyon sou kondisyon ou, estati ou ak dwa ou anba Lwa sou Ijyèn Mantal la, ak règleman lopital sa a.

### SÈVIS LEGAL IJYÈN MANTAL

Sèvis Legal Ijyèn Mantal, yon ajans tribinal endepandan nan lopital sa a, ka bay ou ak fanmi ou sèvis legal pwoteksyon, konsèy ak asistans, tankou reprezantasyon, nan zafè ospitalizasyon ou. Ou gen dwa pou yo enfòme w sou dwa ou genyen konsènan ospitalizasyon ak tretman, epi ou gen dwa mande yon odyans nan tribinal, fè yon avoka reprezante ou epi chèche opinyon medikal endepandan.

Ou menm, oswa yon moun ki aji nan non ou, ka wè oswa kominike avèk yon reprezantan Sèvis Legal Ijyèn Mantal lè ou telefone oswa ekri dirèkteman nan biwo Sèvis la oswa lè ou mande anplwaye lopital la pou fè aranjman pou ou.

Ou ka kontakte Reprezantan Sèvis Legal Ijyèn Mantal pou lopital sa a nan:

### MWEN TE LI, OUBYEN YO TE LI POU MWEN AVI SA A, EPI MWEN KONPRANN SA KI EKRI NAN AVI SA A.

Siyati Pasyan an	Dat	Lè (AM/PM)
(Kote sa aplikab) Siyati moun ki te siyen aplikasyon pou admisyon volontè a	Dat	Lè (AM/PM)

**YO BAY YON KOPI AVI SA A BAY PASYAN KI NONMEN ANLÈ A.** Yon kopi Avi ak Dwa sa yo pra l voye ale bay Sèvis Legal Ijyèn Mantal tou.

Siyati Anplwaye Pratisyen Sante Mantal la	Dat	Lè (AM/PM)
---	-----	------------